



“Lekti Ete Ansanm” 2021

Chè Fanmi ak Elèv Lekòl Piblik Boston

Nou espere w va pase yon ete mèveye, ranpli ak lekti kèk bonjan liv spektakilè. Jodi a ou te resevwa liv pou w li a pou ete a. Chak elèv Lekòl Piblik Boston nan klas ou a ap pral li menm liv la avèk kamarad klas li yo an septanm. ***Ala amizan ! ap amizan pou w pataje ide w yo sou liv sa a avèk kèk lòt moun !***

Devwa "Li Ansanm Yon Liv Yon Nivo Klas pou Ete 2021 an"

Ete sa a, li tèks nou deziyen pou ou a pou anviwon 20 minit pandan chak sesyon. Itilize menm pwosesis la pou w li yon dezyèm liv ke ou menm w ap chwazi. Ou kapab chwazi l nan lis ki deyè do bwochi sa a, oubyen nan paj Lekti Ete Lekòl Piblik Boston an, sou sit entènèt bostonpublicschools.org/summerreading.

Pandanke w ap fè lekti yo, tanpri panse sou kesyon suivan yo :

Tèks fiksyon	Tèks ki pa fiksyon
<p><i>Ki sa w panse otè a vle n konnen ? Ki mesaj otè a vle pase ?</i></p> <p><i>Se kòman otè a kreye imè (komedi) ; sispenns ; tristès, oswa kèk lòt emosyon ?</i></p> <p><i>Ki pèsonaj ou pi renmen nan istwa a e esplike pou ki sa ?</i></p>	<p><i>Ki sa w panse otè a vle n konnen ? Ki mesaj otè a vle pase ?</i></p> <p><i>Ki nouvo enfòmasyon w ap aprann ?</i></p> <p><i>Ki sa ki nan tèks la ki koz ou poze tèt ou kesyon ?</i></p>

*Sonje pou w souliye oswa pase makè sou tèks yo, oswa ekri kèk nòt sou kèk ti papye "post-it". Pataje avèk lòt moun sa w twouve ki enteresan oswa sa ki konfonn ou, epi diskite rezon yo. An septanm, vin avèk liv ou a lekòl la. Prepare pou w pataje ide w yo sou liv sila yo ou te li pandan ete a.

Amize w avèk Powgram Lekti Ete Bibliyotèk Piblik Boston an. Genyen kèk aktivite lekti ki planifye pou tout ete a. Ale sou sit entènèt : www.bpl.org/summer

Kèk ti konsèy pou w kore lekti yon timoun

1. **Sèvi kòm egzanp.** Lese pitit ou yo wè w k ap li pou bon plezi.
2. **Ranpli kay la avèk divès kalite materyèl lekti.** Mete liv, magazin, ak journal toupatou nan kay la.
3. **Devlope enterè timoun nan.** Chèche liv ak atik ki pale sou kèk ekip spò, fim, pastan, oswa emisyon televizyon prefere timoun nan.

www.rif.org/literacy-central/parents

* **Pou Plis Ide** *

www.readingrockets.org/books

Jwi ete a epitou li anpil liv !

Pou plis enfòmasyon, kontakte

BrookeChilds, Direktris Lekòl Piblik Boston pou Afè Alfabetizasyon Timoun Piti, bchilds@bostonpublicschools.org
 Sharon Abraham, Direktris Gramè ak Literati Angle (ELA) Lekòl Segondè, sabraham@bostonpublicschools.org
 Stacie Withington, Direktris Gramè ak Literati Angle (ELA) Lekòl Elemantè, swithington@bostonpublicschools.org
 Farouqua Abuzeit, Jesyonè Sèvis Lajènès Bibliyotèk Piblik Boston (BPL), fabuzeit@bpl.org
 Deborah Lang Froggatt, Direktris Sèvis Bibliyotekè Lekòl Piblik Boston (BPS), dfroggatt@bostonpublicschools.org